**दिन–मंगलवार** **दिनांक–18.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे प्रयागराज मे आयोजित महाकुंभ उभरैत भारतक भावना के प्रतिबिंबित कयलक अछि आ संपूर्ण विश्व देशक ई शक्ति देखलक। श्री मोदी महाकुंभ पर आइ लोकसभा मे बयान दैत कहलनि जे पूरा विश्व चुनौतीपूर्ण समय सँ गुजरि रहल अछि, तैं एहि एकताक भव्य प्रदर्शन देशक सभ सँ पैघ ताकत थिक। ओ विविधता मे एकताक एहि विशेषता के समृद्ध करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। जल संरक्षणक महत्त्व पर जोर दैत प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत मे कतेको नदी अछि आ ओहि मे सँ किछु खतरा मे अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे महाकुंभ नव पीढ़ी के जल संरक्षणक महत्त्व सिखाओत। श्री मोदी कहलनि जे ई ऐतिहासिक आयोजन भारतक क्षमताक विषय मे किछु लोकक संदेह के दूर कऽ देलक अछि।

---

कांग्रेस वरिष्ठ नेता सोनिया गाँधी आइ महात्मा गाँधी राष्ट्रीय ग्रामीण रोजगार गारंटी अधिनियम– मनरेगा योजनाक अंतर्गत न्यूनतम मजदूरी मे वृद्धि करबाक मांग कयलनि। ओ राज्यसभा मे शून्यकाल मे ई मुद्दा उठौलनि।

---

प्रवर्तन निदेशालय, ईडी जमीनक बदला नोकरीक धनशोधन मामिला मे राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक पत्नी आ पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी तथा हुनक पैघ पुत्र तेजप्रताप यादव सँ पूछताछ कयलक। पूछताछ मे पटना मे अपार्टमेंटक जमीन आ किछु आनो संपत्ति के लऽकऽ सवाल भेल। एम्हर, ईडी एहि मामिला मे राजद अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री लालू प्रसाद के काल्हि

पूछताछ लेल पटना स्थित क्षेत्रीय कार्यालय मे बजौलक अछि। विदित अछि जे ईडी पछिला साल जनवरी मे सेहो लालू प्रसाद सँ एहि मामिला मे दस घंटा सँ बेसी पूछताछ कयने छल।

————————————————————————————

बिहार विधान मंडल मे आइ राजद, कांग्रेस आ वाम दलक सदस्य लोकनि हो—हल्ला कयलनि। हंगामाक कारणे सदनक कार्यवाही बेर—बेर बाधित भेल। विधानसभा मे विपक्षी दल राजदक अतिरिक्त आनो घटक दल राज्य मे निजी विद्यालय मे शिक्षाक अधिकार कानूनक कार्यान्वयन मे शिथिलता के लऽकऽ हंगामा कयलक। प्रश्नकाल मे सरकार स्वीकार कयलक जे कुल नामांकन निर्धारित मानदंड सँ कम संख्या मे अछि। एहि के लऽकऽ विपक्षी सदस्य लोकनि सदनक बीचो—बीच आबि कऽ दोषी अधिकारी लोकनिक विरूद्ध कार्रवाईक करबाक मांग करय लगलाह। बाद मे मुख्यमंत्रीक उत्तर भेटलाक बाद विपक्षी सदस्य लोकनि शांत भऽकऽ अपन—अपन सीट पर चलि गेलाह। राष्ट्रीय जनता दलक मुख्य सचेतक अख्तरूल इस्लाम शाहीन आइ विधानसभा मे नव पेंशन योजनाक स्थान पर सरकारी कर्मी लोकनि लेल ओल्ड पेंशन योजनाक मांग कयलनि। मुख्य सचेतक एहि विषय के लऽकऽ कार्य स्थगन प्रस्ताव सेहो रखलनि, जकरा विधानसभा अध्यक्ष अस्वीकृत कऽ देलनि। ओतहि, कांग्रेसक अजीत शर्मा कहलनि जे प्रदेश मे शहर सभक अस्पतालक मेडिकल कचरा के मानकक अनुरूप निस्तारण नहि हेबा सँ महामारीक खतराक आशंका बढ़ि गेल अछि। ओ सरकार सँ एहि संबंध मे कार्रवाई के मांग कयलनि।

————————————————————————————

बीपीएससीक तृतीय चरण शिक्षक भर्ती परीक्षाक आब कोनो सप्लीमेंट्री रिजल्ट नहि प्रकाशित होयत। शिक्षा मंत्री सुनील कुमार आइ विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर दैत ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे शिक्षक भर्ती परीक्षाक चारिम चरण मई मे आयोजित होयत।

————————————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी कहलनि अछि जे दरभंगा मे दोनार स्थित माछ मंडीक समस्याक निदान शीघ्र कयल जायत। ओ दरभंगा में निषाद समाज द्वारा आयोजित अभिनंदन समारोह मे भाग लैत छलाह।

—————————————————————————————

अमरीकाक अंतरिक्ष एजेंसी नासा कहलक अछि जे नओ मास सँ बेसी समय सँ अंतरिक्ष स्टेशन पर फंसल बुच विल्मोर आ सुनीता विलियम्स आइ राति पृथ्वी पर वापस आबि रहल छथि। ड्रैगन अंतरिक्ष यान हिनका दुनू के लऽकऽ सवेर मे तीन बाजि कऽ सत्ताईस मिनट पर पृथ्वी पर उतरत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सुनीता विलियम्स के नाम एक भावपूर्ण पत्र लिखि कऽ हुनक सुरक्षित वापसीक कामना कयलनि अछि।

—————————————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक उत्तरी, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे अधिकांश ठाम दिनक तापमान मे वृद्धि भऽ रहल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि तापमान मे वृद्धि होयत। एकर बाद एक पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय हेबा सँ एक्कैस मार्च सँ तेईस मार्च धरि विभिन्न जिला मे तेज हवाक संग बरखा हेबाक आ ठनका खसबाक संभावना अछि। विभाग एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

—————————————————————————————

पछिला दिन बेंगलुरू मे आपसी विवाद मे बिहारक तीन गोटेक हत्याक बाद हुनक शव आइ पटना लाओल गेल। श्रम संसाधन मंत्री संतोष कुमार सिंह पटना हवाई अड्डा पर हुनका लोकनि के श्रद्धांजलि अर्पित कऽ हुनक गृह जिला गोपालगंज लेल विदा कयलनि।

—————————————————————————————

मधुबनी जिलाक झंझारपुर प्रखंड परिसर स्थित बीआरसी भवन मे दिव्यांगता प्रमाणीकरण शिविरक आयोजन कयल गेल।

—————————————————————————————

समाप्त भेल।